



# Mobilite Ekonomik ak Opòtinite

## Kisa Komisyon sou Egalite Sèks nan Vil Nouyòk la ye? (NYC Commission on Gender Equity)

Komisyon sou Egalite Sèks (CGE) nan Nouyòk, ki anba Biwo Majistra pou Egalite ak Jistis Rasyal, se yon ajans vil la ki gen misyon pou devlope ak etabli politik ak pratik egal pou sèks ki sipòte tifi, fanm, moun entèseks, moun transjanr, ak moun ki pa idantifye ak sèks yo te fèt avèk li a nan kay, lekòl, nan travay, ak nan espas piblik. CGE vize akonpli misyon lè li konsantre sou twa domèn — devlope kondisyon pou mobilite ekonomik ak opòtinite, avanse sante ak jistis repwodiktif, epi kreye espas piblik, kay, ak kote travay ki an sekirite.

## Kisa Mobilite Ekonomik ak Opòtinite Ye?

**Mobilite ekonomik** se kapasite pou nenpòt moun, fanmi, oswa kominote amelyore sityasyon sosyo-ekonomik yo nan yon kantite tan. Atravè opòtinite edikasyon, pi bon travay san diskriminasyon, orè fleksib ak travay, aksè a pwomosyon, oswa resous pou ouvri biznis, moun yo ka amelyore sityasyon ekonomik yo ak byennèt yo.

**Opòtinite ekonomik** se kapasite pou nenpòt moun, fanmi, oswa kominote jwenn aksè ak benefisye de edikasyon, travay, ak lòt resous ki kontribye nan byennèt ekonomik kèlkeswa klas yo oswa sityasyon sosyo-ekonomik yo. Tout moun merite yon chans egal pou patisipe ak benefisye de ekonomi an.



## Kèk fason CGE avanse Mobilite Ekonomik ak Opòtinite

### KOMITE ESPEYAL MARSHALL PLAN POU MANMAN (PREZIDAN)

Gwoup travay sa a ap fè rechèch epi devlope rekòmandasyon sou fason pou sipòte pi bon manman k ap travay ak moun k ap bay swen nan Vil Nouyòk. Li konsantre sou pwogram gouvènman yo, pi bon pratik pou anplwayè yo nan espas travay la, aksè a swen sante — ki gen ladan sante mantal — ak resous pou endistri swen timoun ak travayè li yo. CGE prezidan gwoup travay sa a, ki gen ladann lòt ajans vil yo, defansè ak travayè gadri yo, ak lòt moun ki gen enterè yo, tankou moun ki gen ekspètiz nan pwoblèm imigran yo rankontre.

### KABINÈ EGALITE SALÈ (KO-PREZIDAN)

Kabinè sa a ap devlope yon plan aksyon pou reyalize egalite rasyal ak egalite nan salè ant sèks, epi pou adrese segregasyon pwofesyonèl nan fòs travay minisipal la. CGE ak Depatman Sèvis Administratif Vil la ap ko-prezide kabinè a, ki gen ladan reprezantan ki soti nan plizyè ajans ak biwo vil diferan.



# RESOUS VIL LA: MOBILITE EKONOMIK AK OPÒTINITE

## KARYÈ



- Workforce1: [on.nyc.gov/3TMUT76](https://on.nyc.gov/3TMUT76)
- Travay nan Vil Nouyòk: [cityjobs.nyc.gov](https://cityjobs.nyc.gov)
- Egzamen Sèvis Sivil: [nyc.gov/civilservice](https://nyc.gov/civilservice)
- Pwogram Fòmasyon Vil la: [jobready.nyc.gov/programs](https://jobready.nyc.gov/programs)

## ASISTANS FINANSYÈ



- Benefis chomaj: [on.nyc.gov/2J1DG65](https://on.nyc.gov/2J1DG65)
- Asistans lajan kach: [on.nyc.gov/44MW0Hu](https://on.nyc.gov/44MW0Hu)
- Asistans lwaye: [on.nyc.gov/4bZ17uB](https://on.nyc.gov/4bZ17uB)

## OPÒTINITE EDIKASYON



- Inivèsite Vil Nouyòk (CUNY): [cuny.edu](https://cuny.edu)
- Lekòl Piblik Nouyòk: [schools.nyc.gov](https://schools.nyc.gov)
- Pwogram Jèn : [on.nyc.gov/4c7uzxa](https://on.nyc.gov/4c7uzxa)

## LOJMAN



- Lojman abòdab: [on.nyc.gov/46GJniX](https://on.nyc.gov/46GJniX)
  - Ready to Rent (Pare pou Lwe) pou èd ak aplikasyon lojman: [on.nyc.gov/49XFDuA](https://on.nyc.gov/49XFDuA)
- Lojman sipòte: [on.nyc.gov/3PdQ9Gh](https://on.nyc.gov/3PdQ9Gh)

## BIZNIS



- Sèvis Pou Ti Biznis: [nyc.gov/sbs](https://nyc.gov/sbs)
- Pwogram Sètifikasyon pou Minorite ak Fanm ki posede Antrepriz biznis (M/WBE): [nyc.gov/mwbe](https://nyc.gov/mwbe)
- Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil Nouyòk: [edc.nyc](https://edc.nyc)
- Opòtinite Ekonomik Vil Nouyòk (Vil Wi): [nyc.gov/cityofyes](https://nyc.gov/cityofyes)

## SIPÒ SALÈ



- Benefis Vil Nouyòk: [access.nyc.gov](https://access.nyc.gov)
- MyCity portal/pòtal swen timoun: [mycity.nyc.gov](https://mycity.nyc.gov)
- Depo manje/kizin kominotè: [on.nyc.gov/3v0AJhI](https://on.nyc.gov/3v0AJhI)
- Asistans manje — Benefis SNAP: [nyc.gov/snap](https://nyc.gov/snap)
- Fair Fares — kat metro rabè: [nyc.gov/fairfares](https://nyc.gov/fairfares)

## DWA TRAVAYÈ



- Depatman Pwoteksyon Kliyan ak Travayè Vil Nouyòk: [on.nyc.gov/48M10hN](https://on.nyc.gov/48M10hN)

## RESOUS POU PARAN / MOUN K AP BAY SWEN



- Biwo Vil Nouyòk pou Swen Timoun: [on.nyc.gov/3V6xKPm](https://on.nyc.gov/3V6xKPm)
- Depatman Jèn ak Devlopman Kominotè Pwogram Sipò Fanmi: [on.nyc.gov/49HDcNg](https://on.nyc.gov/49HDcNg)
- Administrasyon pou Sèvis Timoun Vil Nouyòk: [on.nyc.gov/3TY574T](https://on.nyc.gov/3TY574T)



Sa a pa youn lis konplè tout pwogram, sèvis, oswa resous Vil Nouyòk pou mobilite ekonomik ak opòtinite.

**Eske w ap chèche lòt bagay?**

Rele 311 pou mande resous ekonomik ou ka bezwen oswa vizite [portal.311.nyc.gov](https://portal.311.nyc.gov).